



# PIGA ABANDONE TIFI YO

VYOLANS SEKSYÈL  
KONT TIFI ANN AYITI

KWAPE VYOLANS  
KONT FANM

AMNESTY  
INTERNATIONAL



Amnisti Entènasyonale se yon mouvman global ak 2,2 milyon manm nan plis pase 150 peyi ak teritwa kap fè kanpay pou kwape abi grav sou dwazimen.

Vizyon pa nou se pou tout moun kapab jwi tout dwa ki enskri nan Deklarasyon Inivèsèl sou Dwamoun ak lòt estanda entènasyonale sou dwamoun.

Nou pa genyen koneksyon ak okenn gouvènman, ideyoloji politik, enterè ekonomik oubyen relijyon e se manm nou yo ak donasyon piblik la ki finanse n.

**AMNESTY  
INTERNATIONAL**



## TAB DE MATYÈ

Piblikasyon Amnisti Entènasyonale

Pibliye pou premye fwa an 2008 pa  
Amnesty International Publications  
International Secretariat  
Peter Benenson House  
1 Easton Street  
London WC1X 0DW  
United Kingdom  
[www.amnesty.org](http://www.amnesty.org)

© Amnesty International Publications 2008

Endeks: AMR 36/004/2008  
Lang orijinèl: Angle  
Enprime pa Amnesty International,  
International Secretariat, United Kingdom

Tout dwa sou piblikasyon sa a rezève. Piblikasyon sa a pwoteje pa lalwa. Sepanda, moun kapab kopye l – men yo pa genyen dwa vann repwodiksyon l – pa nenpòt ki metòd san yo pa peye pou sa sèlman si yo sèvi ak repwodiksyon l pou fè pwomosyon, kanpay oubyen edikasyon. Moun ki kontwole dwa sou piblikasyon sa a mande pou moun ki repwodwi l anrejistre lentansyon l ak pwopriyetè l pou pèmèt li evalye enpak li. Moun kap kopye dokiman sa a nan nenpòt lòt sikonstans, itilize l nan lòt piblikasyon, tradwi l, oubyen adapte l, fèt pou resevwa pèmisyon pa ekri nan men enstitisyon ki pibliye l; yo kapab peye pou sa.

*Foto sou kouvèti:* Yon tifi nan lakou yon lekòl rural ann Ayiti.  
Tout foto © Amnesty International

- NÒT SOU TÈMINOLOJI, ABREVIYASYON AK METODOLOJI
- ENTWODIKSYON (INTRODUCTION)
- KONSEKANS VYÒL KI SÈVI KÒM ZAM POLITIK
- DISKRIMINASYON, LAMIZÈ AK INEGALITE
- YON ESKANDAL ANBACHAL
- TIFI KI AN DANJE
- VYOLANS SEKSYÈL KONT TIFI ANDEDAN FANMI EPI KOMINOTE
- RESPONSABILITE LETA
- INISYATIV NASYONAL
- KONKLIZYON
- REKÒMANDASYON (RECOMMENDATIONS)
- NÒT FINAL

Blanch, yon jennfi ki genyen 16 lane, te kite kay granmè l nan Kafoufèy nan moman soley tap kouche. Li te ale nan yon plas piblik toupre nan katye l pou l fè dewa l.

Kòm anpil timoun lekòl nan sèten katye nan Pòtoprens ki pa genyen elektrisite, li te pral fè devwa l anba yon poto elektrik ki toujou ap fonksyone.

Pandan l tap etidye, yon gason abòde l men Blanch mande l pou l kite l trankil. Li ale epi retounen yon titan apre ak kèk lòt gason ki pwente zam sou Blanch pandan premye gason an chire rad li epi vyole l.

Aprè sa kèk vwazen ede Blanch tounen lakay li. Granmè l mennen nan yon klinik medikal men pa ankouraje l bay lapolis rapò. Granmè l te kwè pa te genyen anyen ki te kapab fèt poutèt Blanch pa te konnen non moun ki te atake l yo.

Gason ki vyole Blanch ak akolit ki te ede l pa janm pini pou krim sa a.

## NÒT SOU TÈMINOLOJI

Rapò sa a konsantre sou eksperyans tifi yo. Menmsi eksperyans yo reflete an jeneral vyolans fanm sibi nan men gason, lalwa entènasyonal rekonèt bezwen timoun genyen pou y jwenn pwoteksyon espesyalman. Se nan kontèks sa a rapò sa a eseye konsantre sou vyolasyon dwazimen tifi.

Nan rapò sa a nou sèvi ak mo 'tifi' pou deziyen fi ki genyen mwens pase 18 lane. Definisyon sa a koresponn a Atik 1 nan Konvansyon Nasyonizini sou Dwa Timoun ki defini "Timoun kòm tout kreyenyan ki geyen mwens pase 18 lane".

Anpil etid nasyonal epi entènasyonal ki konsantre sou vyolans seksyèl etidye fanm ak tifi; souvan menm kalite analiz sou vyolans kont sèks feminen aplike a fanm kòm tifi. Pa konsekan, toupatou nan rapò sa a, nou pale de fanm ak tifi lè sa reflete nati ankèt ki fèt epi tou eksperyans de gwoup sa a yo lè sa konparab; epi tou nan kèk ka kote pa genyen ankèt ki egziste espesifikman sou tifi ki genyen mwens pase 18 lane, rapò sa a pale sou sa tou.

Amnisti Entènasyonal base travay li sou vyolans kont fanm ak tifi dapre definisyon Nasyonizini nan Deklarasyon sou Eliminasyon Vyolans kont Fanm. Men sa Atik 2 nan Deklarasyon sa a di:

*"Moun fèt pou konprann ke vyolans kont fanm anglobe, men pa limite pa, kategori sa a yo:*

*a) Vyolans fizik, seksyèl, oubyen sikolojik ki fèt andedan fanmi epi ki anglobe maspinay, abi seksyèl sou timoun nan fanmi an, vyolans parapò a dòt, vyòl pa yon mari, mitilasyon jenital sou fanm ak tifi ak lòt pratik tradisyonèl ki britalize fanm, vyolans ki pa genyen rapò ak maryaj epi vyolans ki base sou eksplwatasyon;*

*b) Vyolans fizik, seksyèl, oubyen sikolojik ki fèt andedan yon kominote an jeneral epi ki anglobe vyòl, abi seksyèl, pèsèkasyon ak entimidasyon seksèl nan travay, nan enstitisyon edikasyonèl ak lòt kote, trafik fanm epi pwostitisyon fòse ;*

*c) Vyolans fizik, seksyèl, oubyen sikolojik leta fè oubyen sitire kèlkeswa kote sa fèt."*

## ABREVIYASYON

CEDAW	Konvansyon Nasyonizini pou kaba ak tout kalite diskriminasyon kont fanm (Convention on the Elimination of All Forms of Discrimination against Women)
CRC	Konvansyon Nasyonizini sou Dwa Timoun (Convention on the Rights of the Child)
IBESR	Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch (Institut du Bien-Être Social et de Recherches)
MINUSTAH	Misyon Nasyonizini pou Estabilizasyon ann Ayiti (Mission des Nations Unies pour la stabilisation en Haïti)
MSF	Doktè san Fwontyè (Médecins Sans Frontières)
ONG	Òganizasyon Non Gouvènmanal
SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen
UNDP	Pwogram Nasyonizini pou Devlopman (UN Development Programme)

## METODOLOJI

Rapò sa a base sou ankèt Amnisti Entènasyonal fè an 2007 epi 2008. Li anglobe entèvyou ak victim epi sivivan vyolans seksyèl. Entèvyou sa a yo te fèt pandan de sejou anketè Amnisti Entènasyonal te fè ann Ayiti an septanm 2007 epi mas 2008. Nou chanje non tifi yo nan rapò sa a pou pwoteje vi prive yo epi sekirite y tou. Pou menm rezon sa a, rapò sa a pa montre foto victim vyolans seksyèl.

Amnisti Entènasyonal resevwa bonjan sipò ak asistans lè li tap mennen ankèt sa a nan men òganizasyon dwamoun ak òganizasyon fanm ann Ayiti. Delege Amnisti Entènasyonal te rankontre tou ak reprezantan Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm, Ministè Afè Sosyal epi Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl. Anplis, delege yo te rankontre ak ofisye lapolis, avoka kap defann victim yo nan lit yap mennen pou jwenn jistis, pwofesè ak direktè lekòl, reprezantan sendika enseyan ak pwofesyonèl lasante.

**‘Yon moun yo vyole... se kòm yon moun ki pa genyen dwa, yon moun sosyete a rejte, e jodi a nan katye kote map viv la, se kòm si yo vyole m toulèjou paske chak jou genyen yon moun ki raple m yo te vyole m, mwen pa anyen, mwen fèt pou mete kò m nan yon kwen, mwen fèt pou fèmèn bouch mwen epi pa pale.’**

Woz, yon tifi Amnisti Entènasyonal entèvyouve an mas 2008

## ENTWODIKSYON

Vyolans, espesyalman vyolans seksyèl kont fanm epi tifi, blayi toupatou ann Ayiti. Menmsi pa genyen sifizaman enfòmasyon kredib sou ensidans kalite vyolans sa a, evidans nou genyen demontre klèman ke ann Ayiti, kòm toupatou sou latè, fanm ak tifi pi plis an danje parapò a vyolans seksyèl andedan lakay yo kòm nan pwòp kominote y pase nenpòt lòt kote.

Vyolans kont fanm ak tifi afekte tout sektè nan sosyete a. Sepandan genyen kèk faktè ki ogmante risk moun ap konfwonte. Evidans demontre ke jenn moun ap konfwonte plis ris. Oganizasyon kap bay sivivan vyolans seksyèl sipò revele ke ensidans vyolans seksyèl kont tifi rive monte yon nivo ki chokan anpil. Dapre etid ki fèt pandan 4 lane ki sòt pase yo, plis pase mwatye nan ka vyòl ki rapòte enplike tifi.<sup>1</sup>

Yon lòt fenomèn ki emèje se enplikasyon gwoup gason ame nan laplipa ka kote genyen vyòl. Oganizasyon fanm ak lòt ONG ki bay victim yo sipò epi pran yo an chaj note yon ogmantasyon nan kantite rapò sou ka vyol ki fèt konsa. Ogmantasyon sa

a te espesyalman notab pandan epi apre rebelyon ame ki te ranvèse Prezidan Jan Bètran Aristid an fevriye 2004 (cheke Konsekans Vyòl ki Sèvi kòm Zam Politik); nivo ka sa a yo toujou rete wo depi sa. Yon bagay ki bay tètchaje se quantite ka vyolans seksyèl yo rapòte chak lane anvan epi pandan kanaval. An fevriye 2007, yo rapòte 50 ka vyòl sou fanm ak tifi ki rapòte nan Pòtoprens pandan 3 jou kanaval.<sup>2</sup>

Konsekans vyolans seksyèl genyen sou lasante tifi grav epi dire lontan. Anplis domaj fizik imedyà, sivivan yo kapab konfwonte gwsès ki pa dezirab, enfeksyon seksyèl ki transmisib kòm SIDA, epi pwoblèm mantal kòm anksyete, depresyon ak estrès sikologik ki kapab devlope lontan apre ensidan ki twomatize yon viktim. Tousa kapab genyen konsekans espesyalman grav pou tifi. Yon gwsès endezirab nan ka yon jennfi kapab genyen konsekans pi grav pase sa nou konstate nan ka yon fanm adilt nan sans yon jennfi konfwonte pi gwo risk mouri pandan gwsès li oubyen nan moman pitit li ap fèt. Ann Ayiti, yon gwsès kapab fòse yon jennfi sispann edikasyon l oubyen kapab lakòz lekòl li

ranvwaye l. Tousa kapab ranfòse epi anrasinen diskriminasyon ak lamizè ki afekte fanm ak tifi poutèt yo se fanm ak tifi.

Resaman, otorite yo pran mezi ki endike yo rekonèt vyolans kont fanm ak tifi reprezante yon pwoblèm ki mande solisyon. Pa egzanp, yo te kreye Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm an 1994 e depi lè sa a li pran bonjan inisyativ pou konsyantize piblik la sou vyolans kont fanm ak tifi. An 2005, yo adopte yon Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm 2006-2011 (Plan National de Lutte Contre les Violences Faites aux Femmes). Si yo aplike plan sa a, sa kapab lakòz yon gwo amelyorasyon parapò a prevansyon epi pinisyon vyolans kont fanm ak tifi.

Sepandan, malgre inisyativ sa a yo, Gouvènman Ayisyen an genyen anpil travay pou l fè anvan li kapab ranpli obligasyon li genyen pou pwoteje fanm ak tifi. Sistèm lajistis fèb epi pa efikas. Inite lapolis ki kreye pou pwoteje minè, Brigad pou Pwoteksyon Minè (Brigade de Protection des Mineurs), pa genyen sifizaman estaf; an mas 2008, inite sa a te genyen sèlman 12 ofisyè ki responsab tout peyi a e li pat genyen yon sèl machin pou l fè travay li. Kidonk, li pa siprenan lè pifò moun ki atake epi vyole tifi pa janm ale lajistis epi kapab kontinye fè krim sa a yo ak enpinite. Pou anpil tifi, sèl jan pou siviv vyolans seksyèl se pa pale.

An 2005, yon dekrè prezidansyèl te klasifye vyòl kòm yon ofans kriminèl olye yon ofans moral epi ogmante pinisyon maksimòm pou moun ki koupab vyòl jiska 15 lane nan travofòse oubyen avi si viktim lan genyen mwens pase 16 lane. Depi dat sa a, te

genyen kèk jijman sou vyòl ki fèt epi resevwa anpil piblisite. Sepandan, pousantaj ka sou vyolasyon seksyèl ki ale devan jij ba anpil. Reyalite sa a, asavwa moun ki responsab pa ale devan jij, voye yon mesaj fò anpil bay sivivan yo epi eksplike poukisa anpil fanm ak tifi kwè li pa gen sans pou yo bay rapò sou vyolans seksyèl.

Pandan 10 lane ki fèk sòt pase yo, sityasyon sekirite piblik ann Ayiti bay kominote entènasyonal la anpil tètchaje. Peyi a ap kontinye lite ak konsekans rebelyon ame ki te fèt an 2004. Peyi ap konfwonte tou kèk gwo defi, pa egzanp vyolans gang kriminèl ap fè epi yon seri dezazman imanitè kòm siklonn ki detwi kay 150.000 moun an mwa dawout e septanm 2008.<sup>3</sup> Nan kontèks sa a, li klè ke efò pou ranfòse devlopman, bonjan gouvènans epi aplikasyon lalwa kòm sadwa ann Ayiti fèt pou kontinye kòm gwo priyorite kominote entènasyonal la genyen.

Sepandan, sekirite pa kapab pran rasin si genyen yon gwo pousantaj moun nan popilasyon an ki pa kapab patisipe kòm sadwa nan kominote y poutèt menas vyolans oubyen konsekans vyolans. Rapò sa a endike ke vyolans seksyèl kont tifi, espesyalman vyòl, ap vale teren nan peyi a, yon sityasyon sosyete ak leta pa kapab kontinye iyore. Amnisti Entènasyonal kwè ke tout kreyenvivan fèt pou y kapab jwi de tout dwazimen y. Kèlkeswa seks oubyen laj yon moun, li fèt pou dwazimen l respekte, pwoteje epi reyalize. Nou konkli rapò sa a ak yon seri rekòmmandasyon pou otorite ayisyen yo ak kominote entènasyonal la pou asire ke tout pwoteksyon ki defini nan lalwa entènasyonal vin yon reyalite pou tout tifi ayisyen.



**Toupre Pòtoprens, kapital peyi Dayiti.**



**Yon baz Nasyonzini nan antre Site Soley nan Pòtoprens, Ayiti. Yo te tabli baz sa a pou eseye kwape gwo vyolans pa gang ame nan zòn lan.**



# KONSEKANS VYÒL KI SÈVI KÒM ZAM POLITIK

“Laplipa vyòl yo fèt nan kay viktim lan anba je tout fanmi l ki teworize. Nan sèten ka, yo fòse, anba menas lanmò, yon manm fanmi a vyole yon lòt manm devan tout moun”.<sup>4</sup>

Komisyon Nasyonal Verite ak Jistis, 1999

Anpil etid ki fèt pa egzanp nan sèten peyi kòm Boznya oubyen Wouwannda revele koneksyon ki genyen ant kriz oubyen enstabilite politik ak ensidans vyolans seksyèl.<sup>5</sup> Peyi Dayiti pa yon eksepsyon.

An 1991, yon koudeta militè te ranvèse Prezidan Jan Bètran Aristid. Pandan twa lane anba gouvènman militè ki swiv, vyolans seksyèl, espesyalman vyòl, kont fanm ak tifi te fè pati de taktif represif militè ak fòs paramilitè leta yo te itilize. Dapre rapò Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè te pibliye an 1996, yo te sèvi ak vyòl sistematikman kòm yon zam politik pou kraponnen moun epi pini moun nan sektè sosyete a yo kwè ki tap apiye gouvènman demokratik la.

Pandan vizit li te fè ann Ayiti an 1999, Radhika Coomaraswamy, Rapòtè Espesyal sou vyolans kont fanm, lakòz li ak konsekans li, te obsève ke “apre koudeta militè a, fanm ayisyen ap kontinye soufri anba sa kèk moun mwen entèvyouve defini kòm yon vyolans estriktirèl ki sible moun ki pi vilnerab epi pòv.”<sup>6</sup> Li te rapòte tou ke Ministè Kondisyon Fanm ak



**Mi ak twou bal nan yon kolèj ki te andomaje pandan gwo batay ant MINISTA ak gang ame an 2006 toupre Pòtoprens, Ayiti.**

Dwa Fanm te anrejistre ant novanm 1994 e jen 1999, 1.500 ka kote tifi, ki genyen ant 6 e 15 lane, te viktim agresyon ak abi seksyèl.<sup>7</sup>

Menmsi anpil rapò te sikile parapò a vyòl fanm pa gwoup gason ame ki te kòmanse sou rejim militè a (1991-1994), pratik sa a vin kouran jodi a pami gang kriminèl.

Pandan e apre rebelyon ame ki te ranvèse Prezidan Aristid yon dezyèm fwa an fevriye 2004, anpil gang te sèvi ak vyòl kòm yon zam toupatou nan peyi a pou teworize popilasyon an. Dapre ankèt ki te fèt ant fevriye 2004 epi desanm 2005 e ki te pibliye nan The Lancet, yon jounal medikal, yo te vyole 19.000 tifi pou chak 100.000 tifi nan zòn Pòtoprens nan peryòd sa a.<sup>8</sup> Ensekirite piblik ak vyolasyon lalwa total kapital ki te akonpaye gouvènman pwovizwa a ant mas 2004 epi me 2006 reprezante de gwo faktè ki lakòz ensidans elve abi seksyèl.

# DISKRIMINASYON, LAMIZÈ AK INEGALITE

“Vyolans seksyèl kont fanm ki fon nan peyi a epi ki ranfòse pa mankman aksè a enfòmasyon, prevansyon, tretman ak swen, afebli dwa fundamental fanm genyen pou lavi, pou y satisfè pi gwo estanda ki egziste pa rapò a lasante fizik epi mantal yo, pou y jwenn edikasyon, travay, epi pwoteje vi prive y nan yon klima san diskriminasyon nan konpayi lòt kreyenvivan parey yo”.

Rapòtè Espesyal sou vyolans kont fanm, lakòz li ak konsekans li.<sup>9</sup>

Tifi ann Ayiti ap konfwonte vyolans seksyèl nan yon kontèks kote diskriminasyon kont fi poutèt sèks yo ak inegalite blayi toupatou. Souvan, kalite diskriminasyon sa a konbine ak lòt fòm diskriminasyon, ki baze, pa egzanp, sou laj oubyen estati sosyal fi yo, yon sityasyon ki jenere plis majinalizasyon ak viktimizasyon. Distribisyon salè ak kondisyon lavi moun, aksè a edikasyon epi swen medikal konstitiye faktè enpòtan kote enfòmasyon kantitatif epi kalitatif demontre koneksyon ant diskriminasyon ak lamizè.

Ann Ayiti genyen anpil mizè ak inegalite sosyal e diferans ant moun rich e moun pòv ogmante depi 2002.<sup>10</sup> Distribisyon revni pi inegal ann Ayiti pase nan lòt peyi ann Amerik Latin, yon rejyon ki deja genyen pi gwo inegalite sou latè dapre Pwogram Nasyonziini pou Devlopman. Dapre yon estatistik enpòtan ki demontre gravite divizyon sosyal nan peyi a, fanmi ki pi rich nan peyi a e ki reprezante 10 pousan nan fanmi yo kontwole 68 pousan revni total tout fanmi resevwa. Non sèlman lamizè toupatou nan peyi a, men li ekstrèm tou. An 2003, 76 pousa popilasyon tap viv nan mizè, asavwa yo tap resevwa



kòm revni mwens pase 2 dola ameriken pa jou; 4,4 milyon moun (55 pousan popilasyon peyi a) tap viv nan malsite, asavwa yo tap resevwa kòm revni mwens pase yon dola ameriken pa jou.<sup>11</sup>

Diskriminasyon kont fanm poutèt yo se fanm jwenn ak inegalite sosyal genyen kòm konsekans ke lamizè genyen pi gwo enpak sou fanm. Fanm dirije prèske mwatye (46 pousan) fanmi nan peyi a. Dapre Ankèt sou Kondisyon Lavi ann Ayiti ki fèt an 2001, ensidans malsite nan vil yo piwo anpil nan fanmi kote se yon fanm ki an chaj. Nan kèk zòn iben, malsite afekte deyè fanmi kote se fanm ki an chaj.<sup>12</sup>

Kanta pou keksyon sante matènèl, pèsònèl medikal kalifye asiste yon ka (26 pousan) nan nesans yo sèlman. Menmsi pa genyen estatistik separe sou mòtalite fanm ki genyen mwens pase 18 lane, estatistik ki egziste pou fanm an jeneral montre klèman ke anpil fanm ak jennfi ap mouri poutèt mankman bonjan swen medikal. Prèske yon ka (24 pousan) lanmò pami fi ki genyen ant 15 epi 19 lane se konsekans konplikasyon pandan gwasès.<sup>13</sup> Mòtalite matènèl sòti 523 rive 630 lanmò matènèl pou chak 100.000 nesans timoun vivan ant 1993-2000 epi 1999-2006. Chif sa a piwo pase mwayenn pou lemonn antye ki te 386 lanmò pou



100.000 nesans an 2000. Globalman, konplikasyon ki emèje pandan nesans timoun lakòz yon senkyèm lanmò jennfi ak fanm ki genyen ant 15 epi 49 lane.

Dapre yon rapò Doktè san Fwontyè (MSF) te pibliye an 2008 e ki bay enfòmasyon sou diskriminasyon fanm ak tifi ki sòti nan katye pòv konfwonte lè y al chèche swen medikal nan enstitisyon piblik, “ Fanm kap viv nan bidonvil souvan konfwonte diskriminasyon poutèt orijin yo, estati sosyal yo oubyen aparans yo. Sitiyasyon sa a ranfòse tandans fanm yo genyen pou y izole pwòp tèt yo epi dekouraje y al chèche swen medikal.<sup>14</sup>

Fanm ak jennfi ki pòv pa genyen anpil opsyon lè yap konfwonte yon gwosès yo pa vle. MSF bay rapò tou sou fanm ak jennfi ki an danje poutèt estigma sosyal yo konfwonte parapò a gwosès envolonètè, avòtman yo pwovoke yo menm oubyen ki fèt klandestinman. “Fanm ki pwovoke pwòp avòtman y lakay yo e ki devlope yon enfeksyon an konsekans riske vi y lè yo pa kapab jwenn swen medikal. Nan lopital obstetrik Jude Anne MSF opere nan Pòtoprens, yo jwenn bonjan swen yo bezwen, men souvan yo wont paske yo avòte tèt yo e yo pa oze vini nan lopital la.<sup>15</sup>

Dapre Kòd Penal Ayisyen an, nenpòt ki moun ki fè yon avòtman kapab ale nan prizon e yon fanm ki

**Paj dwat: Timoun kap jwe akote yon kannal chaje ak ekskremen epi fatra nan youn nan ri prensipal. Site Soley, Pòtoprens. Anwo: Moun mete yon kontwa tanporè pou fè lavant nan yon pak akote yon kannal chaje ak yon pil fatra. Pòtoprens, Ayiti. Yon katye pòv akote yon rivyè nan Okap, Ayiti.**


aksepte yo avòte l oubyen ki avòte pwòp tèt li kapab ale nan prizon tou. Sepandan, an reyalyte yo tolere avòtman pou sove lavi yon fanm ansent. Nenpòt ki moun ki koupab devan lalwa poutèt yo fè yon avòtman kapab pase ant 3 epi 9 lane nan prizon.<sup>16</sup> Sepandan, estigma yon gwosès envolonètè pwovoke jwenn ak mankman bonjan avòtman legal fòse fanm kontinye avotè pwòp tèt yo oubyen chèche jwenn avòtman klandesten, souvan ak konsekans ki mòtèl. Dapre Ministè Sante Piblik ak Popilasyon nan yon rapò li pibliye an 1999, 8 pousan nan ka sou mòtalite matènèl ki anrejistre te konsekans konplikasyon apre avòtman klandesten.<sup>17</sup> Pa genyen estatistik ki pi resan men pa genyen evidans ki fè moun kwè ke sitiyasyon sa amelyore radikalman pandan 10 dènye lane sa a yo. Oganizasyon fanm ayisyen kontinye ap fè kanpay pou leta dekriminalize avòtman e nan moman nou tap ekri rapò sa a, Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm tap prepare yon lwa pou otorize dekriminalizasyon pasyèl avòtman.<sup>18</sup>



# YON ESKANDAL ANBACHAL

“Mwen tap mache nan yon koridò nan Matisan, yon katye nan Pòtoprens, lè de gason rele m. Lè mwen eseye kouri, yo rale zam sou mwen, mete yon sache nwa sou tèt mwen epi yo menase tire m si m fè bwi. Yo mennen m yon lòt kote epi de gason yo vyole m. Yo kite m ale a 11 zè diswa. Anba vant mwen te fè m mal. Mwen pa vle sa rive m ankò”.

Sitasyon sa a sòti nan yon lèt Katya, yon jennfi ki genyen 16 lane, voye bay Amnisti Entènasyonal



Vyolans seksyèl kont fanm reprezante yon pwoblèm ki an gwo rete anbachal. Genyen yon konsansis pami òganizasyon kap defann dwamoun ak dwa fanm ki endike ke vyolans kont fi poutèt yo se fi blay nan peyi a. Dapre etid ki fèt plis pase mwatye ka vyòl fèt kont jennfi ki genyen oplis 18 lane. Sepandan, moun pako dekouvri vre ekstansyon pwoblèm lan. Mankman bonjan estatistik konpreyansif sou prevalans, nati ak konsekans vyolans seksyèl ann Ayiti reprezante yon gwo obstak parapò a devlopman yon estrateji efektif pou kwape vyolans kont tifi.

Komite pou Eliminasyon Diskriminasyon kont Fanm – ki obsève kouman gouvènman nan lemonn aplike Konvansyon Nasyonzini pou Eliminasyon tout Fòm Diskriminasyon kont Fanm (CEDAW) – mande pou gouvènman ankouraje devlopman estatistik, antwòt, sou vyolans kont fanm ak tifi.<sup>19</sup> Nan menm sans sa a, Deklarasyon Nasyonzini sou Eliminasyon Vyolans kont Fanm ak Platfòm Pou Aksyon ki te adopte nan Bejin pandan Katryèm Konferans Nasyonzini an 1995 mande pou gouvènman nan lemonn ankouraje ankèt, ranmase enfòmasyon e konpile estatistik sou vyolans kont fanm epi pibliye enfòmasyon sa a yo.<sup>20</sup>

An 2006 Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm te lanse yon etid sou vyolans domestik epi seksyèl pou ranmase enfòmasyon pou ranfòse aplikasyon Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm (Plan National de Lutte Contre les Violences Faites aux Femmes). Youn nan objektif etid sa a se te koleksyon ak òganizasyon enfòmasyon ki egziste sou nati, ensidans epi lakòz vyolans seksyèl ak vyolans nan fanmi ann Ayiti epi tou sou inisyativ leta ak sosyete sivil pran pou kwape krim sa a yo. Etid sa a te baze sou ka òganizasyon fanm ak lòt ONG, ki bay viktim vyolans sèvis medikal ak lòt asistans, te ranmase. Dapre etid sa a: “Pèsepsyon jeneral fanm ki viktim vyolans, moun ki ede y ak manm kominote a sèke nivo vyolans ann Ayiti wo anpil e se yon reyalyte ki egziste andedan fanmi yo tou. Tou moun sa a yo rekonèt koneksyon ant vyolans sosyal epi seksyèl ak vyolans andedan fanmi yo. Manifestasyon vyolans ki pi komen se vyolans fizik andedan fanmi yo epi vyolans seksyèl (vyòl) nan kominote a.”<sup>21</sup>

Etid sa konkli ke malgre efò òganizasyon fanm fè pa genyen “yon estrateji pou dokimante sityasyon vyolans yon fason pou idantifye dimansyon pwoblèm

*goch*: Sal de klas Lavano, Ayiti.  
*anwo*: Lèt Katya ekri Amnisti Entènasyonal alamen.



**Jennfi kap travèsè yon rivyè lè yo pral lekòl. Lavano, Ayiti.**

lan... An reyalyè li pa posib pou moun konnen onivo nasyonal oubyen rejyonal konbyen fanm ki pote plent poutèt vyolans yo sibi, kisa ki pase nan ka sa a yo, ak sityasyon aktyèl viktim yo”.<sup>22</sup> Nan rekòmandasyon etid sa a bay gouvènman an, li souliye nesèsite pou l devlope yon sèl sistèm inifye pou ranmase epi analyze enfòmasyon sou vyolans kont fanm. Depi etid sa a parèt, yo devlope yon fòm estanda (Fiche unique pour le recensement des cas de violence) ke tout enstitisyon ki an kontak ak fanm e tifi ki sibi vyolans seksyèl kapab itilize. Nan moman nou tap ekri rapò sa a, itilizasyon fòm sa a te nan faz inisyèl.

Sèl estatistik ki genyen sou vyolans seksyèl kont tifi ranmase sou yon baz enfòmèl pa gwoup ki bay sèvis, pami yo sant de sante ak òganizasyon fanm, pa ONG kap fè ankèt endepandan oubyen kap fè etid pou gouvènman an. Gwoup sa a yo kolekte enfòmasyon ak metodoloji ki diferan kòm pa egzanp ankèt kalitatif oubyen sondaj nan popilasyon an. Menmsi enfòmasyon sa pa konpreyansif, li detekte sèten

tandans, an patikilye gwo pousantaj viktim vyòl ki genyen oplis 18 lane.

An 2006, Kay Fanm te anrejistre 133 ka vyòl ak vyolans seksyèl kont fanm ak tifi. 55 pousan viktim yo te genyen mwens pase 18 lane.<sup>23</sup> Toujou an 2006, 155 viktim vyòl te jwenn swen nan 21 sant SOFA genyen toupatou nan peyi a; 77 nan viktim yo te genyen mwens pase 18 lane. Ant jen 2007 epi jen 2008, SOFA dokimante 238 ka vyòl; 140 nan ka sa yo enplike tifi ki genyen ant 19 mwa epi 18 lane.

Twazyèm ak katyèm Ankèt sou Demografi ak Lasante ki te fèt an 2000 epi 2005-2006 onon Ministè Sante Piblik ak Popilasyon bay estatistik ki pi konpreyansif sou vyolans nan fanmi. 10.757 fanm ki genyen ant 15 e 49 lane te konplete yon keksyonè jeneral epi yon ti echantyon fanm te konplete yon lòt keksyonè kote yo bay detay sou vyolans sekeyèl yo sibi nan men patnè entim yo. Nan gwoup moun ki genyen ant 15 e 19 lane, 10,8 pousan moun ki bay enfòmasyon nan ankèt sa a di yo te viktim vyolans seksyèl nan men patnè entim yo.<sup>24</sup> Pa genyen okenn enfòmasyon konpreyansif sou vyolans seksyèl kont tifi ki genyen mwens pase 15 lane.



Mwen te genyen 15 lane, mwen te ale lekòl, e se mwen menm sèl nan fanmi m ki te al lekòl paske li pat posib pou manman peye lekòl pou lòt pitit li.

Yon jou mwen te genyen yon chirepit ak matant mwen e nan lasware li vini lakay mwen ak 3 gason ame... Yo kidnape m epi mennen m nan yon lòt katye. Yo bat mwen epi vyole m. Apresa yo di m yo te fèt pou touye m olye yo bat mwen epi vyole m. Sa fèt nan yon katye kote pat genyen moun. Mwen te oblije sipliyè y pou y kite m ale epi m al chèche manman m...

Mwen pat kapab dòmi epi manje pandan 4 mwa apre sa. Chak fwa mwen te sòti, manman m te genyen tètchaje paske yo tap menase m. Yo di m yap touye m oka m ta bay lapolis rapò. Manman m pat genyen lajan pou peye yon sikològ e mwen te oblije lite poukò m pou rezoud pwoblèm sa a...

Mwen te bay lapolis rapò e depi lè sa a yo kòmanse menase m, di m si m bay rapò yap fè move zak sou mwen, e pou pwove yap di laverite yo boule kay mwen...

Nan Kafeterya, yon biwo lapolis nan Pòtoprens, yo di m yo pral fè sa ki nesèsè, men anyen pa fèt. Apre sa, yo te arete youn nan gason yo... men pat genyen swivi. De semenn apre mwen kwaze l nan lari nan katye a e li di "Ou te vle mwen rete nan prizon e w pral wè sa m pral fè w... Apre sa manman m fè m kite katye a pandan kèk tan.

Gen 2 lane desa, lè mwen te genyen 20 lane, sa rive m yon dezyèm fwa ... Yon vòlè te rantre nan kay la... li vyole m. Mwen pa te kapab rele paske mwen te pou kò m ak timoun yo... Nan moman sa a te genyen anpil vyolans nan peyi a e toutmoun te pè...

Nan maten mwen vin isit la e mwen rakonte fanm ki la toutsa ki te pase... Yo fè toutsa ki nesèsè pou verifeye mwen pa te enfekte. Yo ba m medikamen ak swen medikal. M al wè yon sikolog ki ede m... Isit la mwen jwenn swen medikal ak sipò moral; isit la, yo pa vle kontakte lapolis poutèt sa pap bay okenn rezilta.

Jodi a, pi gwo pwoblèm mwen se katye kote map viv la. Nan moman sa a ann Ayiti lè yo vyole w, se kòm si sosyete a majinalize w: ou pa fèt pou etidye; ou pa fèt pou ale lopital; ou fèt pou rete nan yon kwen. Yon moun yo vyole... se kòm yon moun ki pa genyen dwa, yon moun sosyete a rejte, e jodi a nan katye kote map viv la, se kòm si yo vyole m toulèjou paske chak jou genyen yon moun ki raple m yo te vyole m, mwen pa anyen, mwen fèt pou mete kò m nan yon kwen, mwen fèt pou fèmen bouch mwen epi pa pale.

Woz, yon fanm Amnisti Entènasyonal entèvyouve an mas 2008



## TIFI KI AN DANJE

Tifi ann Ayiti ap konfwonte gwo risk vyolans seksyèl. Rapò Sekretè Jeneral Nasyonzini te fè pibliye an 2006, Etid Detaye sou tout Kalite Vyolans kont Fanm, te note ke moun ki fè ankèt sou sante piblik idantifye yon seri faktè ki mete fanm ak tifi an danje. Moun sa a yo konkli ke faktè sa a yo opere sou plizyè nivo: endividi yo, fanmi y, kominote y, sosyete a epi leta. Pami faktè sa a nou jwenn:

- Onivo endividyèl: nan ka jenn moun, abi seksyèl lè yo te timoun, estati ekonomik e edikasyonèl ki ba, ak patisipasyon nan kominote ki majinalize epi ekskli.
- Onivo fanmilyal: kontwòl pa gason sou lajan ak dezisyon ki pran nan fanmi yo, ak gwo diferans ant manm fanmi yo parapò a estati edikasyonèl epi ekonomik yo oubyen travay yap fè.
- Onivo kominotè: izolasyon fanm ak mankman sipò sosyal, atitud nan kominote yo ki tolere epi lejitime vyolans pa gason, ak sitiyaasyon moun ki pa genyen okenn pouvwa ekonomik e sosyal, pa egzanp moun kap viv nan lamizè.
- Onivo sosyete a: kilti kote dominasyon pa gason ak soumisyon fanm anrasine, epi ki tolere vyolans kòm mwayen pou rezoud konfli.
- Onivo leta: lwa ak pwogram ki pa adekwa parapò a prevansyon epi pinisyon vyolans; ak mankman konesans ak dwate nan konpòtman ofisyèl ki aplike lalwa, ki travay nan aparèy lajistis epi nan òganizasyon ki bay sèvis.

**Yon tifi ki kanpe nan yon koridò ant de sal de klas nan yon lekòl rural nan Lavano ann Ayiti**



Etid sa note tou ke analiz sa yo “idantifye diferans nan pouvwa moun egzèse poutèt diskriminasyon ak inegalite kòm faktè ki detèmine vyolans kont fanm” epi “detèmine ke sèten nan faktè sa a yo genyen koneksyon ak vyolasyon dwamoun. Pa egzanp, tifi ap konfwonte vyolasyon yon seri dwa ki garanti pa Konvansyon sou Dwa Timoun. Kèk nan vyolasyon sa a yo reprezante yon fòm vyolans e genyen lòt vyolasyon ki ogmante risk vyolans”.<sup>25</sup>

Dapre evidans ki genyen ann Ayiti, se kèk ka vyolans seksyèl sèlman yo rapòte bay lapolis e nan ka sa a yo se kèk ka ki ale lajistis. Kòm ak lòt fòm vyolans kont fanm ak tifi, viktim vyòl ann Ayiti souvan pa vle bay lapolis rapò sou krim sa a yo poutèt yo wont, yo pè, oubyen poutèt atitid sosyal ki tolere e lejitime vyolans pa gason. Nan rapò konbine li bay Komite CEDAW, gouvènman ayisyen an rekonèt “Se prejije negatif ki egziste kont fanm, presyon pa vyolatè a oubyen fanmi l, oubyen presyon pa pwòp fanmi viktim lan ki anpeche fanm chèche jistis paske yo pè reprezay oubyen yo pè pale sou yon sijè entim epi imilyan.”<sup>26</sup> Lefèt ke fanm ak tifi pa kwè yap resewa bonjan tretman nan men ofisyèl ki aplike lalwa reprezante yon gwo faktè ki pa ankouraje y bay rapò.

Moun kap eseye kwape abi sa a yo ap konfwonte plizyè ostak. Atitid sosyal ki pouse moun blame viktim vyolans seksyèl olye yo blame vyolatè yo anpeche tifi yo bay rapò pou asire ke vyolatè ale lajistis. Yon lòt faktè kle ki pèmèt atakan yo evite lajistis se lefèt ke genyen yon pèsesyon ki egziste

jeneralman asavwa vyolans andedan yon fanmi reprezante yon afè prive ki pa fèt pou enterese lòt moun.

Nan anpil zòn riral, se jij depè ki sèl reprezantan lajistis. Anpil moun ki travay ak òganizasyon kap travay ak sivivan vyolans seksyèl kont tifi di Amnisti Entènasyonal ke jij depè souvan ankouraje fanm ak tifi ki sibi abi seksyèl pou y akseptè konpansasyon ekonomik nan men vyolatè y oubyen fanmi y. Òganizasyon fanm endike tou ke li komen nan zòn riral pou y fòse tifi ki vin ansent paske yo sibi yon atak sekeyèl marye ak moun ki atake y. Dapre sa yo rapòte, souvan jij depè enplike nan “aranjman amikal” ant fanmi atakan yo e fanmi viktim yo; yo jistifye aksyon sa a kòm yon fason pou prezève “lonè” tifi yo.

Lè yo trete vyolans seksyèl kòm yon afè prive olye se yon krim, atitid sa a pa konfwonte diskriminasyon, abitud ki estereyotipe fanm poutèt sèks yo, ak relasyon pouvwa ki inegal. Sa ranfòse tou enpinite moun ki responsab yo.

Chapit suivan an sible vyolans seksyèl andedan fanmi ak kominote epi kouman konneksyon ant faktè ki reprezante risk lakòz vyolans seksyèl kont tifi ki blayi nan peyi a kòm enpinite pèsistan pou vyolatè y.

# VYOLANS SEKSYÈL KONT TIFI ANDEDAN FANMI EPI KOMINOTE

Vyolans nan sèten kominote ann Ayiti te atire atansyon laprès nasyonal epi entènasyonal resaman. Nan kontèks kidnapin, vyolans kriminal, vyolans ame ant gang, epi konfwontasyon ame vyolan ant gang ak Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon ann Ayiti (MINUSTAH), kantite ka vyolans seksyèl kont fanm ak tifi ki anrejistre ogmante anpil.

Menmsi genyen evidans klè ke nonm rapò yo ogmante, li difisil pou etabli dimansyon egzakt vyolans nan peyi a. An pati, se konsekans mantalite pèsistan pami ofisyèl ak moun nan sosyete an jeneral ki blame viktim lan -- poutèt li ta nan yon move katye, nan yon move moman, mete rad ki sijestif oubyen pale mal. Nan kontèks sa a, se pa yon sipriz si vyolans seksyèl toujou reprezante yon gwo wont pou viktim yo ak fanmi y.

Yon jennfi ki genyen 16 lane e ki tap resevwa tretman nan MSF an novanm 2007 di estaf klinik la yon zanmi fanmi l te vyole epi eksplike poukisa yon gwosès envolonètè genyen konsekans malouk nan yon sosyete kote yo kontinye blame epi majinalize viktim kadejak: “ Mwen te reziste, li frape m, li voye bagay sou mwen, menase m ak yon revòlvè... Mwen te fatige epi pè anpil, li vyole m... Pita mwen dekouvri mwen te ansent... Mwen soufri anpil nan kò m. Mwen pa vle ale lapolis poutèt atakan m kapab fè represay sou mwen oubyen touye m; li te rale yon zam sou mwen lè li vyole m... Papa m te konn ba m lajan pou m achte manje, men kounye a li pa vle wè m paske gwo vent mwen fè l wont nan presans zanmi l. Menm manman m mande m pou m peye pou manje m, sè mwen di m pou m al chèche dlo poutèt

**‘Mwen soufri anpil nan kò m.  
Mwen pa vle ale lapolis poutèt  
atakan m kapab fè represay sou  
mwen oubyen touye m; li te rale  
yon zam sou mwen lè li vyole m...’**

Yon jennfi ki genyen 16 lane e ki tap resevwa tretman nan MSF an novanm 2007


mwen. Semenn pase lè m te malad, manman mennen nan klinik MSF men li mande m pou m ranbouse l pou taptap la... Mwen tris anpil. Kouman m pral okipe tibebe a lè li fèt?”<sup>27</sup>

Timoun pa genyen kapasite pou defann tèt yo kont vyolans seksyèl e souvan yo pa genyen mwayen pou bay rapò sou sa. Nan sitiyasyon kote manm fanmi patisipe oubyen kouvri vyolans seksyèl tifi sibi, li difisil pou detekte vyolans andedan fanmi san sipò pwofesyonèl adekwa ak entèvansyon pa moun ki genyen bonjan fòmasyon ak resous pou trete timoun. San sipò, anpil timoun oblije soufri an silans.

Vyolans nan fanmi souvan rete anba chal. Rezon ki eksplike poukisa sivivan genyen difikilte pou pale sou

**Desen timoun nan Matisan fè. Se yon katye nan Pòtoprens kote genyen anpil vyolans ame ak vyolans seksyèl pa plizyè gang. Men sa teks piba adwat sou tablo a di: “Poukisa nou pa mete lekòl pou tout timoun... ka ale lekòl... pou avni peyi a!!!”**





**Timoun kap patisipe nan yon sesyon kote yap fè kat kominote y ak Amnisti Entènasyonal nan Pòtoprens ann Ayiti.**

vyolans nan fwaye y, poukisa sosyete a genyen difikilte pou rekonèt pwoblèm sa a epi pran mezi pou kwape l konplike anpil. Sepandan, enkapasite pou rekonèt epi kwape pwoblèm sa a kreye yon klima sosyal kote yo pèsevwa vyolans nan yon fwaye kòm yon bagay ki nòmal, san enpòtans, epi inevitab.


Konsekans fizik epi sikolojik vyolans andedan fanmi sou sante viktim yo kapab afebli yo pandan lontan.

*“Nou fèt pou diskite pwoblèm sa a an piblik, egzamine l menm jan nou ta egzamine lakòz nenpòt pwoblèm medikal ki tretab epi aplike meyè tretman ki egziste”.*

LEE Jong-Wook, ansyen Direktè Jeneral, Oganizasyon Mondyal Lasante.<sup>28</sup>

Konsekans sosyal yo kapab rive lwen tou epi fasilite plis vyolasyon dwazimen. Pa egzanzp, vyolans seksyèl kont tifi reprezante yon vyolasyon dwazimen ki kapab abouti sou vyolasyon dwa yo genyen pou y jwenn edikasyon. Yo te vyole Sonya lè li te genyen 8 lane. Men sa li di Amnisti Entènasyonal: “Mwen te lekòl men mwen te kite sa apre m te vini nan sant sa a poutèt papa m te vyole m. Mwen te nan premye lane. Mwen te renmen ekri, kopye leson yo. Mwen ta renmen etidye lamedsin lè mwen vin pi gran”. Sonya te kite lekòl apre vyòl la. Sepandan, se youn nan sivivan ki genyen plis chans. Li jwenn refij nan yon sant pou tifi ki sibi vyolans seksyèl e òganizasyon ki jere sant sa a asire li pral jwenn bonjan edikasyon. Sepandan, pou anpil tifi, vyolans seksyèl lakòz edikasyon y fini.

Edikasyon enpòtan anpil pou ede moun amelyore chans yo nan lavi epi opòtinite yo genyen pou y jwenn bonjan salè ak kondisyon nan lavi y. Menmsi pa genyen estatistik sou vyolans nan lekòl, gwo nivo vyolans seksyèl kont tifi nan sosyete a sijere sa



kapab yon faktè ki limite fasilite tifi genyen pou y al lekòl. Moun kap travay ak tifi ki siviv vyolans seksyèl kwè sa toutbonvre. Abi kont fanm poutèt yo se fanm ki anpeche tifi jwenn edikasyon – pami sa genyen vyolans seksyèl – ranfòse diskriminasyon, inegalite epi lamizè.

Rejina, yon tifi ki genyen 15 lane kap viv nan yon sant pou tifi ki viktim vyolans seksyèl, di Amnisti Entènasyonal li kòmanse travay kòm domestik menm jan ak plizyè milye lòt tifi lè l te genyen 10 lane. Li te vin sove poutèt li pat kapab aksepte maspinay; pandan 4 lane li te viv nan Fwaye Moris Siksto, yonabri pou ansyen restavèk, kote l te kontinye edikasyon l. Lè li te genyen 14 lane, li te vin reyini ak manman l ki tap viv ak yon nouvo patnè epi piti gason l. Rejina kontinye ale lekòl pandan kèk tan men te vin kite sa lè patnè manman l refize peye ekolaj pou li. An jen 2006, Rejina kite kay la apre bòfrè l ki te genyen 17 lane, vyole l. Li vin ansent e li te retounen nan Fwaye Moris Siksto anvan l vini nanabri a. An fevriye 2007, li fè yon tifi. Rejina di li espere li kapab tounen lekòl e a lavni ofri piti li, ki

**‘Mwen te lekòl men mwen te kite sa apre m te vini nan sant sa a poutèt papa m te vyole m. Mwen te nan premye lane. Mwen te renmen ekri, kopye leson yo. Mwen ta renmen etidye lamedsin lè mwen vin pi gran’**

Sa Sonia di Amnisti Entènasyonal sou vyol li lè li te genyen 8 lane.

genyen yon lane, yon edikasyon lè l grandi. Oganizasyon tankou Fwaye Moris Siksto ak Limyè Lavi, antwòt, bay ti gason ak tifi -- ki sove kite sèvis domestik pou chape anba abi seksyèl oubyen move tretman -- bonjan swen ak sipò, edikasyon epi fasilite reyinifikasyon ak fanmi y. Sepandan, reyaksyon otorite leta parapò a pwoblèm sa a limite anpil. Nan

premye rapò peryodik gouvènman ayisyen an voye bay Komite sou Dwa Timoun e ki pibliye an 2000, li rekonèt ke sèvis domestik ki anplwaye timoun “ge tandans pran timoun yo nan yon pyèj kote yo pa genyen okenn dwa epi sibi tretman ki malouk san yo pa jwenn anyen parapò a sante y, edikasyon y oubyen delopman pèsonèl yo”<sup>29</sup>

Souvan moun ki abize tifi seksyèlman menase fè vyolans sou yo oka yo ta pale. Kèk nan tifi sa a yo di Amnisti Entènasyonal atakan yo menase touye y oka yo ta rakonte lòt moun tray yo pase. Nan plizyè ka, yo menase tifi yo yap koupe asistans ekonomik, pa egzanp lajan pou ekolaj, oka yo pa ta fèmen bouch yo sou abi ak vyolans seksyèl yo sibi. Lefèt ke laplipa fwaye ann Ayiti ap viv nan malsite ogmante risk eksplwatasyon seksyèl epi danje yo pap janm pini sa a.

Lamizè ak majinalizasyon jwe yon wòl enpòtan ki mete tifi an danje parapò a eksplwatasyon seksyèl. Endiferans ak inakasyon leta jwenn ak abi dèfw pa ajan leta asire ke krim sa a yo ap kontinye nan enpinite. Lòr, yon jennfi kap viv nan yonabri pou viktim vyolans seksyèl, di Amnisti Entènasyonal pwopriyete apatman kote l tap viv ak manman l epi sè l vyole l lè li te genyen 16 lane; li fòse l aksepte sa pou li pa mete fanmi a deyò nan apatman an. “Li di m pou m pa janm di manman sa. Pafwa lè mwen refize kouche ak li, li rale zam sou mwen epi fòse m fè sa. Nonsèlman li pwomèt mwen fanmi m ap kapab rete nan kay lan, li di m tou lap peye ekolaj pa m ak pa sè m... Mwen rakonte manman tousa... Manman ale nan estasyon lapolis nan Petyonvil pou depoze yon plent epi Kay Fanm. Lapolis pa fè anyen

kont mèt kay lan. Li pa fasil pou pote plent kont yon dilè dwòg. Apre sa, manmam al wè yon ofisye lapolis li konnen e li eksplike l sa ki te pase. Li vin wè nou nan aptman epi pwomèt nou li pral wè kisa li kapab fè... Manman m avèk m te fèk kite yon kafe entènèt lè nou rankontre polisye sa a ak yon zanmi l. Yo bat manman m epi polisye a vyole m”.

**‘Mwen pa vle ale lapolis paske mwen pè anpil. Atakan yo mete anpil presyon sou mwen pou m pa bay rapò sou yo byenke mwen pa konnen y... Se yon sitiyaasyon ki imilyan anpil... Mwen te oblije fèmen bouch mwen.’**

Estefani eksplike Amnisti Entènasyonal vyol an li te sibi pandan kanaval an fevriye 2007.

Nan lane ki sòt pase yo, òganizasyon fanm ak travayè lasante di genyen yon gwo ensidans vyòl ki fèt pa plizyè gason alafwa. Rapò sa a yo endike tifi ap konfwonte gwo risk vyòl pa manm gang ame pandan kanaval. Tifi rakonte Amnisti Entènasyonal kouman manm gang ame vyole y anba je temwen ki pat genyen odas reyaji.



Ant mas 2006 epi desanm 2007, 200 tifi ak fanm al chèche swen poutèt vyòl nan lopital Jude Anne nan Pòtoprens. Anpil nan moun sa a yo te sòti nan katye ki pi pòv nan Pòtoprens. Apeprè 20 pou sa nan fi sa a yo vin ansent an konsekans.<sup>30</sup>

Yo te vyole Estefani pandan kanaval an fevriye 2007 lè li te pral lakay li. Lap travay kòm bonn nan Pòtoprens depi li te genyen 12 lane; men, yo pat peye l pou sa – li te resewva manje ak yon kote pou l dòmi. Li te paye pou edikasyon l ak lajan li fè kòm machann nan lari. Lè li tap tounen lakay li ak machandiz epi lajan li te fè pandan jounen an, 3 gason ak kagoul atake l, menase l ak zam epi vyole l. Moun ki tap pase e ki wè atak sa a pa entèvni.

Li di Amnisti Entènasyonal “Mwen pa vle ale lapolis paske mwen pè anpil. Atakan yo mete anpil presyon sou mwen pou m pa bay rapò sou yo byenke mwen pa konnen y... Se yon sitiasyon ki imilyan anpil... Mwen te oblije fèmen bouch mwen”. Estefani eksplike ke li te santi l kapab pale sèlman ak estaf

#### **Timoun ki te patisipe nan yon sesyon kote yo tap fè kat kominote y ak delege Amnisti Entènasyonal**

nan yon òganizasyon fanm ki bay viktim kadejak sipò ak swen medikal.

Pandan atak la yo volè tout machandiz li ak lajan li te genyen e li te oblije kite lekòl paske li pa te kapab peye ekolaj. Li pè atakan yo fè reprezay sou li epi tou li pè pou rejeksyon li kapab sibi oka manm kominote l dekouvri sak te pase.

Tout moun gen dwa pou prezève entegrite fizik yo epi viv san y pa sibi diskriminasyon; pou reyalize estanda ki pi wo parapò a sante mental e fizik yo; pou y jwenn egalite devan lalwa epi patisipe nan lavi piblik; epi pou y jwenn bonjan edikasyon. Sepandan, tifi tankou Sonya, Rejina, Lòr ak Estefani pa kapab jwi de dwazimen sa a yo poutèt yap lite ak konsekans vyolans seksyèl san y pa jwenn okenn sipò nan men otorite yo ki genyen obligasyon pou pwoteje y.

# RESPONSABILITE LETA

**“Fanm pa kapab jwi de dwa ke lalwa ki egziste bay yo. Souvan, pratik pran presedans sou lalwa. An jeneral, pratik sosyal ranfòse konpòtman diskriminatwa kont fanm.”**

Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm ann Ayiti, 2006.<sup>31</sup>

Ayiti ratifye twa konvansyon ki reprezante yon chapant legal epi bay yon seri mezi leta fèt pou aplike pou pèmèt dwazimen fi yo reyalize:

- Konvansyon Nasyonzini sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon kont Fanm ki kondane diskriminasyon kont fanm nan tout fòm li pran epi ki di “leta dakò pou l devlope ak tout mwayen apwopriye li genyen epi san delè yon pwogram pou elimine diskriminasyon kont fanm (Atik 2).
- Konvansyon Entèameriken sou Prevansyon, Pinisyon ak Eradikasyon Vyolans kont Fanm (Konvansyon Belém do Pará). Dapre konvansyon sa a, tout fanm genyen dwa pou y viv nan yon espas san vyolans, keseswa andedan lakay yo oubyen an piblik. (Atik 3). Leta ki siyen konvansyon sa a pran angajman pou y asire prevansyon, pinisyon ak eradikasyon tout fòm vyolans sa a yo (Atik 7).
- Konvansyon Nasyonzini sou Dwa Timoun ki mande pou tout leta ki siyen pou y “pran tout mezi lejislatif, administratif, sosyal epi edikasyonèl ki apwopriye pou pwoteje timoun kont tout fòm vyolans fizik oubyen mantal, abi oubyen blesi, neglijan oubyen tretman neglijan, maspinay oubyen eksplwatasyon, epi abi seksyèl”. Konvansyon sa a

bay detay sou mezi ki fèt pou pran pou asire timoun jwenn pwoteksyon kòm sadwa. Li espesifye: “pwosedi efektif pou kreye pwogram sosyal ki bay sipò nesès pou timoun” epi “pou idantifikasyon, preparasyon rapò, ankèt, tretman... ak enplikasyon lajistis lè sa nesès” (Atik 19).

Lalaw entènasyonal oblije gouvènman yo pou y itilize pouvwa yo genyen pou respekte e pwoteje dwazimen, epi tou pèmèt moun reyalize dwa sa a yo.<sup>32</sup> Sa enplike ke gouvènman yo asire ke pwòp ofisyèl yo respekte estanda parapò a dwazimen epi aji ak dilijans pou kontre abi pa moun ki pa afilye ak leta.

Gouvènman yo genyen obligasyon pou asire ke dwa ki rekoni dapre lalaw entènasyonal sou dwazimen vin yon reyalite an pratik. Obligasyon yo genyen pou y aji ak dilijans dekri ki kalite efò leta yo dwe fè nan aplikasyon dwa moun. Aksyon dilijan pa leta enplike obligasyon yo genyen pou kwape vyolasyon dwazimen, ankete e pini vyolasyon sa a yo lè yo fèt epi bay konpansasyon ak sèvis pou viktim yo.<sup>33</sup>

Yo aplike estanda parapò a aksyon dilijan pou pèmèt evalyasyon asavwa kouman leta ap respekte obligasyon l.

Lè leta yo konnen oubyen fèt pou y konnen ki vyolasyon dwazimen kap fèt epi yo pa pran mezi apwopriye pou kwape sa, yo responsab tou menm jan ak kriminèl yo.

Li enpòtan pou siyale ke responsabilite leta genyen pou l aji ak dilijans pa diminye nan okenn sans responsabilite kriminèl moun ki fè zak vyolan.



Sepandan, leta genyen pwòp responsabilite l si li pa aji pou kwape, ankete epi jije krim sa yo kòm sadwa. Anplis, lè leta pa aji ak dilijans ki sifizan kont vyolans sou fanm – lè li itilize sistèm jidisyè epi peye reparasyon – souvan sa vyole dwa fanm genyen pou lalwa trete y egalego.

Lalwa entènasyonal sou dwazimen oblije leta ayisyen fè sèten bagay – pa egzanp leta ayisyen oblije mete pwòp lwa l an akòdans ak trete li ratifye epi asire ke ofisyè leta respekte tout dwazimen.

Komisyon CEDAW nan Rekòmandasyon Jeneral Nimewo 19 souliye obligasyon leta ki siyen konvansyon sa a genyen pou konfwonte vyolans kont fanm ak tifi. Li klarifye ke vyolans andedan yon fanmi pa yon bagay prive. Li endike ke leta genyen obligasyon pou l kwape, ankete, epi pini tout fòm vyolans sou fanm poutèt yo se fanm, pou l pwoteje viktim yo epi ede y jwenn jistis ak reparasyon, kèlkeswa kote vyolans lan fèt e ki moun ki responsab.

Men mezi Ayiti fèt pou pran pou respekte estanda parapò a dilijans apwopriye: vote lwa kont epi kriminalize tout fòm vyolans kont fanm; bay anplwaye leta fòmasyon; mete sou pye pwogram ak pwosedi pratik pou pwoteje dwa fanm ak tifi; epi asire ke fanm ak tifi ki sibi vyolans genyen aksè a pwosedi legal ki apwopriye selon bezwen yo.

Leta ayisyen apwouve Deklarasyon Bejin ak Platfòm pou Aksyon ki te redije an 1995. Sa oblije gouvènman an fè pwomosyon pou pwogrè fanm ki enplike eliminasyon diskriminasyon epi lit kont vyolans seksyèl andedan fanmi epi nan sosyete a.



**Ak chomaj ki wo anpil, yon dal fanm fè komès nan lari pou y kapab siviv nan yon sityasyon ekonomik malouk.**

An mas 2008, gouvènman ayisyen an prezante Komite CEDAW rapò inisyal la ak rapò nimewo 2-7 ki konbine. Rapò sa a yo souliye mezi ki pran pou fè pwomosyon epi pwoteje dwa fanm; rapò sa a yo souliye tou feblès ki egziste epi kote defo leta defavorab a dwa fanm ak tifi.

# INISYATIV NASYONAL

An 2005, nan yon tèt ansanm ant gouvènman ayisyen an, sosyete sivil, enstitisyon entènasyonal ki enterese nan devlopman, ak tout manm Konsèstasyon Nasyonal kont Vyolans Fanm Subi, yo te adopte yon Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm 2006-2011.<sup>34</sup> Dokiman sa a devlope yon estrateji nasyonal pou konbat vyolans kont fanm epi tabli yon lis aktivite ki fèt pou reyalize pou:

- Etabli yon sistèm pou kolekte estatistik sou vyolans kont fanm;
- Ranfòse epi ogmante sèvis ki bay sipò ke viktim yo kapab jwenn nan diferan enstitisyon;
- Kwape vyolans kont fanm epi fè kanpay pou yon plan nasyonal ki kowòdine;
- Ranfòse kapasite enstitisyon piblik pou yo kapab jwe wòl yo kòm sa defini nan Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm nan kontèks bonjan patenarya ak òganizasyon fanm epi lòt ONG.<sup>35</sup>

Travay Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm epi Konsèstasyon Nasyonal te enpòtan anpil pou konsyantize piblik la sou diskriminasyon kont fanm poutèt sèks yo epi sou vyolans kont fanm. Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm ak Ministè Edikasyon Nasyonal ap antrepann yon etid sou materyèl edikasyonèl ak lentansyon pou elimine tout referans ki estereyotipe fanm ak tout lòt fòm diskriminasyon kont fanm ak tifi nan sistèm edikasyonèl ayisyen an.

Ministè Afè Sosyal, pa lentèmedyè Enstiti Byenèt Sosyal ak Rechèch (IBESR) se youn nan enstitisyon prensipal ki responsab pwoteksyon timoun ki sòti nan milye pò e ki bay paran yo sipò ak ajan l epi yon rezo ki genyen 200 travayè sosyal. Sepandan, se apenn si IBERS ak Sèvis Pwoteksyon Minè fonksyone e yo prezan sèlman nan 3 vil prensipal – Pòtoprens, Gonayiv, epi Okap.

Rapò pa òganizasyon fanm sijere ke atitid diskriminatwa fò anpil pami ofisye lapolis. An jeneral, lapolis pa genyen bonjan fòmasyon pou jere plent pa Fanm ak tifi ki di yo se viktim kadejak oubyen lòt fòm vyolans seksyèl. Mankman fòmasyon parapò a manyè pou evalye epi reyaji a viktim kap konfwonte enpak sikolojik vyolans seksyèl kapab lakòz ka sa a yo pa trete kòm sadwa jwenn ak plis viktimizasyon sivivan yo. Gen pwogrè ki fèt nan devlopman yon pwotokòl pou ede fanm ak tifi ki viktim vyolans lè yo ale lapolis pou bay rapò sou krim yo sibi. Nan moman rapò sa a tap ekri, Konsèstasyon Nasyonal tap travay ak Polis Nasyonal Ayisyen sou yon pwojè pilòt nan de estasyon lapolis pou aplike pwosedi espesyal pou asiste fanm ak tifi ki viktim vyolans. Nou apresye bonjan inisyativ sa a menmsi li twò bonè pou nou kapab apresye enpak li.

Ayiti pa genyen lwa espesifik ki pwoyibe vyolans kont fanm. Lalwa aktyèl sou vyolans pa konsidere relasyon ki egziste ant viktim lan ak atakan l epi tou relasyon pouwa ki genyen ant yo. Anplis, lalwa pa pwoyibe kèk fòm vyolans ki egziste kont fanm, kòm pa egzanp vyolans sikolojik.



An jiyè 2005, gouvènman tranzitwa a te adopte yon dekrè ki entwodwi kèk chanjman minè men enpòtan nan Kòd Penal 1835. Dapre sa laprès te rapòte gouvènman an te vle chanje kèk atik nan Kòd Penal la pou bay fanm ak tifi meyè pwoteksyon kont vyolans seksyèl. Sepandan, menmsi dekrè sa a te apwouve, gouvènman pako kreye yon chapant legal epi yon pwogram nasyonal pou pwoteje fanm ak tifi kont tout kalite vyolans.<sup>36</sup> Ayiti se sèl peyi nan Kontinan Ameriken an ki pa pase lwa espesikik pou pwoteje fanm ak tifi kont vyolans domestik e Ayiti se youn nan kèk peyi ki pa genyen lwa espesifik kont vyolans seksyèl.<sup>37</sup>

Yo kontinye trete vyolans andedan fami nan menm konteks lwa jeneral kont atak ak vwa defè selon sikonstans atak la epi gravite domaj viktim lan sibi. Annatandan entwodiksyon yon lwa espesifik, yo fèt pou aplike lwa ki egziste yo ak konsistans lè fanm ak tifi viktim, espesyalman nan ka vyolans andedan fanmi.

#### **Yon tifi kap kopye devwa ki sou tablo, Pòtoprens, Ayiti**

Lalwa pwoyibe kadejak men li pa trete keksyon vyòl marital oubyen ensès espesifikman, byenke ka sa a yo reprezante yon gwo pousantaj ka vyolans seksyèl andedan fanmi dapre sa òganizasyon fanm rapòte. Pinisyon pou vyòl se 10 lane travofòse; men si viktim lan genyen mwens pase 16 lane, pinisyon se 15 lane travofòse. Si moun ki komèt vyòl la genyen pouvwa sou viktim lan, Kòd Penal la prevwa yon kondanasyon travofòse avi.

Mankman nan lalwa ak reyaksyon pa lapolis ki inadekwa oubyen lan pa bay sivivan yo bonja aksè a lajistis. Dapre gwoup fanm souvan lapolis ak sèvis sosyal ezite entèvni nan sa yo konsidere kòm yon afè domestik, menm lè yo sispekte sa enplike gwo vyolans oubyen abi. Sepandan, genyen kèk

entèvasyon positif ki fèt nan kolaborasyon ak ajans entènasyonal; yo bay lapolis fòmasyon epi yo kreye 2 inite espesyal lapolis pou fanm ak tifi ki viktim vyolans domestik.

Dwa timoun toujou rete yon sijè ki pa eksplòre ann Ayiti. Byenke Ayiti ratifye Konvansyon sou Dwa Timoun an 1995, pa genyen anpil bagay ki fèt pou konsyantize piblik la sou konvansyon sa a oubyen amelyore konesans manm palman ak otorite yo an jeneral genyen sou dwa li garanti. Gras a efò Fon Nasyonzi pou Timoun (UNICEF) ak Kowalisyon Ayisyen pou Defans Dwa Timoun (Coalition Haïtienne pour la Défense des Droits de l'Enfant, COHADDE), yo tradwi konvansyon sa a an kreyòl, youn nan lang ofisyèl peyi Dayiti.<sup>38</sup> Sepandan, okenn lwa pako vote pou enkòpore pwovizyon konvansyon an nan lwa nasyonal.

Depi 1997, otorite yo ap konsidere entwodiksyon youn kòd sou timoun ki ta bay timoun ayisyen bonjan pwoteksyon, espesyalman timoun kap travay nan sèvis domestik. Nan moman rapò sa a tap ekri, yo pa te apwouve kòd sa a.

Nan Atik 276-2 Konstitisyon Ayisyen an bay trete entènasyonal peyi Dayiti apwouve menm estati ak lwa nasyonal. Anplis, Konstitisyon an abroje tout lwa nasyonal ki pa koresponn ak pwovizyon trete entènasyonal sa a yo. Kidonk, dapre konstitisyon an, jiris gendwa envoke pwovizyon trete entènasyonal nan tribinal ann Ayiti.

Youn nan rezon estriktirèl ki explike diferans pèsistan ant sa lalwa pwomèt epi sa tifi sibi an reyalyte se enkapasite otorite yo genyen pou rezoud pwoblèm pèsistan e anrasinen nan sistèm jistis kriminel. Sa espesyalman reyèl pou fanm ak tifi nan bidonvil oubyen kominote riral kote moun pa genyen lajan pou ale nan tribinal. San sipò aktif yo jwenn nan men òganizasyon fanm, viktim ak sivivan vyolans seksyèl ta jwenn jistis sèlman nan ka eksepsyonèl. Defo estriktirèl epi sistematik ki fon nan sistèm lajistis ann Ayiti byen dokimante nan lòt rapò, men se pa sijè rapò sa a.<sup>39</sup> Sepandan, li enpòtan pou moun note ke kèk nan defo sa a yo anpeche dirèkteman ke fanm ak tifi jwenn lajistis.

Ak eksepsyon notab Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm, otorite yo demontre yo pa genyen volonte politik pou y sèvi ak pwovizyon lalwa entènasyonal – espesyalman CEDAW, Konvansyon Belèm do Pará epi Konvansyon sou Dwa Timoun -- pou bay fanm ak tifi pwoteksyon total kapital. Gouvènman ayisyen an byen okouran mankman sa a. Pa egzanp, nan rapò konbine Ayiti soumèt bay CEDAW, yo note ke jij kap prezide tribinal kote ka sou vyolans seksyèl ap jije genyen konesans limite sou trete sa a yo oubyen sou obligasyon peyi Dayiti genyen selon trete yo.

# KONKLIZYON

Amnisti Entènasyonan rekonèt ke otorite ayisyen yo kontinye ap konfwonte yon seri difikilte grav ki la depi lonta. Kominote entènasyonan rekonèt tou defi malouk sa a yo, pa egzanp kriz sekirite piblik kap kontinye, yon seri desas imanite, lamizè ak majinalizasyon kap dire depi plizyè dekad epi nesese pou l apiye inisayativ pou konfwonte y. Sepandan, defi sa yo pa kapab eskamote bezwen tifi ayisyen genyen epi obligasyon pou pwoteje dwazimen y.

Twòp moun pa kapab tande plent anpil fanm ak tifi ki viktim vyolans seksyèl. Sepandan, chak jou plis sivivan ap simonte dal ostak yap konfwonte pou rakonte istwa y, menmsi souvan sa kapab lakòz rejeksyon y nan kominote y. Oganizasyon dwa fanm ap jwe yon wòl krisyal paske yo bay sivivan vyòl ak lòt fòm vyolans kont fanm swen epi sipò. Efò yap fè reprezante yon kontras notab ak fayit leta parapò a obligasyon li genyen pou bay viktim yo refij ak pwoteksyon epi asire ke sivivan yo jwenn aksè a lajistis nan konteks pwosedi legal e jidisyè ki konprann epi satisfè bezwen y.

Rapò sa a demontre ke malgre efò resan pou devlope yon pwotokòl pou bay viktim yo swen ak sipò yo bezwen, reyaksyon otorite leta anfas vyolans seksyèl kont tifi toujou rete inadekwa. Menmsi dimensyon reyèl fayit sa pa koni, enfòmasyon ki egziste sijere ke genyen yon kriz ki afekte lavi plizyè jenerasyon fanm ak tifi.

Pou tifi kapab konte sou enstitisyon sa a yo lè yap chèche pwoteksyon epi jistis, otorite yo fèt pou y konfwonte lefèt ke piblik la pa genyen konfyans kit nan lapolis kit nan sistèm jidisyè. Diskriminasyon ak atitud anpil otorite leta genyen kòm kwa vyolans seksyèl kont tifi pa menm ak vyolasyon grav dwamoun rann sa difisil pou viktim jwenn jistis ak pwoteksyon; reyalyite sa fèt pou korije ak ijans.

Amnisti Entènasyonan mande pou otorite ayisyen yo pran ak ijans tout mezi ki nesese pou ranpli obligasyon y dapre lwa entènasyonan epi rejyonal sou dwazimen, yon fason tou pou fasilite aplikasyon Plan Nasyonan pou Konbat Vyolans kont Fanm kòm sadwa.

Amnisti Entènasyonan apresye soumisyon an mas 2008 pa otorite yo rapò inisyal ak rapò konbine nimewo 2-7 bay Komite CEDAW, yon inisayativ ki reprezante yon pa enpòtan nan aplikasyon efektif Konvansyon an. Jodi a, li enpòtan anpil pou gouvènman ayisyen an korije -- ak bonjan direksyon, angajman politik epi resous adekwa -- feblès li idantifye nan rapò sa a yo.

# REKÒMANDASYON

Amnisti Entènasyonal mande pou otorite ayisyen yo aplike ak ijans Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm. An patikilye, li mande pou y pran mezi pou adrese bezwen espesyal tifi ki viktim vyolans seksyèl epi pou y priyore eleman sa a yo ki nan Plan an pou fini ak eskandal vyolans seksyèl kont tifi kap kontinye ann Ayiti.

- Asire ke mezi ak pwogram pou kwape vyolans seksyèl aplike nan nivo nasyonal epi lokal
- Kolekte estatistik konpreyansif toupatou nan peyi a pou mezire nati ak ensidans vyolans kont fanm ak tifi epi pibliye rezilta sa a yo nan de lang ofisyèl peyi a
- Ankete epi mennen nan tribinal tout plent pou vyolans seksyèl
- Asire ke otorite jidisyè yo resevwa bonjan fòmasyon sou pwovizyon ak aplikasyon trete rejyonal e entènasyonal sou dwazimen ki reprezante yon obligasyon pou Ayiti epi ki genyen menm enpòtans ak lalwa ayisyen nan tribinal ayisyen

■ Asire ke lapolis kreye yon anviwonman ki si epi konfidansyèl pou pèmèt fanm ak tifi bay rapò sou vyolans seksyèl, ke l genyen yon obligasyon pou anrejistre tout plent pa rapò a vyolans kont fanm ak tifi, epi ke l envestige tout plent sa a yo ak enpasyalite, dilijans epi efikasite

■ Bay viktim ak sivivan vyòl ak lòt fòm vyolans seksyèl bonjan asistans legal piblik

■ Devlope materyèl edikasyonèl ki kritike diskriminasyon e ki sèvi nan kanpay pou kwape vyolans kont tifi, epi enkòpore materyèl sa a yo nan tout nivo pwogram sistèm edikasyonèl la.

Amnisti Entènasyonal mande pou kominote entènasyonal la pran mezi pou ede otorite ayisyen yo priyore aplikasyon Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm, espesyalman eleman nan Plan an ki pral ede y kwape vyolans seksyèl kont tifi.

*dwa:* Yon tifi ki genyen sou kòsaj li yon badj ke yon pwojè fanm ann Afrikdisid fè pou Kanpay Amnisti Entènasyonal Kont Vyolans Sou Fanm.  
Pòtoprens, Ayiti



## NÒT FINAL

- 1 Cheke pa egzanzp: Kay Fanm, Violence envers les femmes et les jeunes filles, Rapport Bilan 2006; SOFA, Rapport Bilan I, II, III, IV, V, VI and VII ki dokimante, antwòt, ka vyolans seksyèl kont tifi ant janvyè 2003 epi jen 2008; ak Athena R. Kolbe and Royce A. Houston, "Human rights abuses and other criminal violations in Port-au-Prince, Haiti: a random survey of households", *The Lancet*, 2006, Volume 368.
- 2 Commission interaméricaine des droits de l'homme, Rapport annuel 2007, chapitre IV, para52.
- 3 UN Office for the Coordination of Humanitarian Affairs (OCHA), Situation report #9, Haiti: Tropical Storm Hanna, Gustav, lke update 11 September 2008, p1, <http://ochaonline.un.org/haiti/Rapportsdesituation/OCHARapportsdesituationHaitisaisonscyclonique/tabid/4923/language/fr-FR/Default.aspx>, visited 15 October 2008.
- 4 Komisyon Nasyonal Verite ak Jistis, Si M Pa Rele, Port-au-Prince, 1996.
- 5 "Ensidans vyolans kont fanm nan konfli ame, espesyalman vyolans seksyèl kòm vyòl, byen rekonèt epi dokimante. Yo bay rapò sou vyolans kont fanm nan sityasyon kote genyen oubyen te genyen konfli nan anpil peyi oubyen teritwa". In-depth study on all forms of violence against women (Etid detaye sou tout fòm vyolans kont fanm), Rapò Sekretè Jeneral Nasyonzini, 2006, p. 51, [http://www.un.org/french/documents/view\\_doc.asp?symbol=A/61/122/Add.1/Corr.1](http://www.un.org/french/documents/view_doc.asp?symbol=A/61/122/Add.1/Corr.1) et [http://www.un.org/french/documents/view\\_doc.asp?symbol=A/61/122/Add.1](http://www.un.org/french/documents/view_doc.asp?symbol=A/61/122/Add.1), consulté le 26 septembre 2008.
- 6 Special Rapporteur on violence against women, its causes and consequences, (Rapòtè Espesyal sou Vyolans kont Fanm, lakòz li ak konsekans li), Report on the mission to Haiti (1999), (Rapò sou Misyon ann Ayiti an 1999), 27 January 2000, para7, UN Doc. E/CN.4/2000/68/Add.3.
- 7 Special Rapporteur on violence against women, its causes and consequences, (Rapòtè Espesyal sou Vyolans kont Fanm, lakòz li ak konsekans li), Report on the mission to Haiti (1999), 27 January 2000, para38, UN Doc. E/CN.4/2000/68/Add.3.
- 8 Athena R. Kolbe and Royce A. Houston, "Human rights abuses and other criminal violations in Port-au-Prince, Haiti: a random survey of households" (Abi sou dwamoun ak lòt vyolasyon kriminèl nan Pòtoprens, Ayiti: yon sondaj fwaye yo oaza), *The Lancet*, 2006, Volume 368, p868. Chif sa a yo reprezante yon estatistik brit ki baze sou yon echantiyon 1.260 fwaye nan Pòtoprens pandan yon peryòd ki dire 22 mwa. Estatistik brit sa a sèvi pou mezire ensidans yon evennman pandan yon sèten tan; jeneralman yo ekprime ensidans sa a pou yon popilasyon ki genyen 100.000 moun. Nan ka sa, 3,1 pousan fanm yo entèvyouve di yo te viktim vyolans seksyèl. Pou kalkile nonm total viktim yo nan zòn yo etidye, anketè yo sèvi ak estatistik brit nan kontèks popilasyon total nan zòn Pòtoprens an 2003, ototal 2.121.000 moun. Men kijan yo kalkile estatistik brit la: nonm ensidan/nonm moun-mwa ki viv nan fwaye x 12 x 100.000.
- 9 Special Rapporteur on violence against women, its causes and consequences, (Rapòtè Espesyal sou Vyolans kont Fanm, lakòz li ak konsekans li), Integration of the Human Rights of Women and the Gender Perspective: Violence Against Women. Intersections of Violence Against Women And HIV/AIDS (Entegrasyon Dwamoun Fanm ak Pèspektiv Fanm:Vyolans kont Fanm. Entèseksyon Vyolans kont Fanm ak SIDA), 2005, para14, UN Doc. E/CN.4/2005/72 <http://www2.ohchr.org/english/issues/women/rapporteur/annual.htm>
- 10 Dapre rapò UNDP sou Devlopman Imen nan tout peyi sou latè ki pibliye ant 2002 epi 2006, distribisyon revni ann Ayiti vin pi inegal. Yo sèvi ak koyefisyan Gini pou mezire inegalite. Nan yon peyi kote genyen egalite pafè koyefisyan sa mezire 0; nan yon peyi kote genyen inegalite pafè koyefisyan sa a mezire 1. Ann Ayiti, koyefisyan sa a mezire 0,65 alòske li mezire 0,50 pou Amerik Latin an mwayenn. Apre Ayiti se Lebrezil, ak yon koyefisyan Gini ki mezire 0,56 an 2004, ki pi inegal sou kontinan an.
- 11 International Monetary Fund (IMF) (Fon Monetè Entènasyonal), Haiti: Interim Poverty Reduction Strategy Paper (Ayiti: Rapò Interimè sou Estrateji pou Redwi Lamizè), IMF Country Report No. 06/411, November 2006, p11, based on Survey on Living Conditions in Haiti conducted in 2001 (ki baze sou yon Ankèt sou Kondisyon Lavi ann Ayiti yo mennen an 2001).
- 12 UNDP, La vulnérabilité en Haïti : Chemin inévitable vers la pauvreté? Rapport national sur le développement humain – Haïti, September 2004, p10, [http://hdr.undp.org/en/reports/nationalreports/latinamericathecaribbean/haïti/haïti\\_2006\\_fr.pdf](http://hdr.undp.org/en/reports/nationalreports/latinamericathecaribbean/haïti/haïti_2006_fr.pdf).



- 13** Michel Cayemittes et al, Enquête Mortalité, Morbidité et Utilisation des Services, Haïti, 2005-, Calverton, Maryland, USA: Ministère de la Santé Publique et de la Population, Institut Haïtien de l'Enfance et Macro International Inc, 2007, p194, <http://www.measuredhs.com/pubs/pdf/FR192/FR192.pdf>.
- 14** Medsen San Fwontyè (MSF), MSF Briefing Paper, A perilous journey: The obstacles to safe delivery for vulnerable women in Port-au-Prince (Yon Rapò MSF, Yon wwayaj danjere: Ostak ki anpeche fanm vilnerab jwenn bonjan akouchman nan Pòtoprens) May 2008, p19, [http://www.msf.ca/fileadmin/documents/publications/MSF\\_HaitiReport\\_ENG\\_R3.pdf](http://www.msf.ca/fileadmin/documents/publications/MSF_HaitiReport_ENG_R3.pdf), visited 7 July 2008.
- 15** Medsen San Fwontyè (MSF), Haiti: Emergency Obstetrics in MSF's Jude Anne hospital (Ayiti: Obstetriks anba ljan nan Lopital Jude Anne MSF), <http://www.msf.org.au/stories/twfeature/2006/132-twf.shtml>
- 16** Dapre Atik 262 nan Kòd Penal Ayisyen «Nenpòt ki moun ki sèvi ak manje, bwason, medikaman, vyolans oubyen lòt mwayen pou pwovoke avòtman yon fanm ansent, kèlkeswa wòl li nan desizyon, pral nan prizon. Yon fanm ki pwovoke avòtman tèt li oubyen ki aksepte itilize mwayen ke l chwazi oubyen yo preskri l pou pwokoke avòtman l pral nan prizon tou si avòtman fèt. Doktè, chirijyen, lòt pèsònèl medikal ak famasyon ki preskri oubyen administre mwayen sa a yo pral nan prizon kote yo pral fè travofòse pou yon tan oka avòtman fèt ».
- 17** Ministè Sante Piblik ak Popilasyon ak Organizasyon Pannameriken pou Lasante (PAHO), Analyse des Causes de Décès 1999, p12.
- 18** Committee on the Elimination of Discrimination against Women (Komite pou Eliminasyon Diskriminasyon kont Fanm), Haiti combined initial and second to seventh reports (Ayiti, Rapò inisyal konbine ak Rapò 2-7), 2008, p30, UN Doc. CEDAW/C/HTI/7, [http://www2.ohchr.org/english/bodies/cedaw/docs/CEDAW.C.HTI.7\\_en.pdf](http://www2.ohchr.org/english/bodies/cedaw/docs/CEDAW.C.HTI.7_en.pdf), visited 9 October 2008.
- 19** Committee on the Elimination of Discrimination against Women, General Recommendation No. 19, (Eleventh Session, 1992), para24(c), Compilation of General Comments and General Recommendations Adopted by Human Rights Treaty Bodies, UN Doc. HRI\GEN\1\Rev.1 at 84.
- 20** UN Declaration on the Elimination of Violence Against Women (Deklarasyon Nasyonzini sou Eliminasyon Vyolans kont Fanm), Article 4(k), UN Doc. A/RES/48/104, and Beijing Platform for Action, para130.
- 21** Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm, Étude « Une réponse à la violence faite aux femmes en Haïti. Étude sur la violence domestique et sexuelle en Haïti », 2007, p5, <http://www.mcfdf.gouv.ht/pdf/violence.pdf>.
- 22** Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm, Étude « Une réponse à la violence faite aux femmes en Haïti: Étude sur la violence domestique et sexuelle en Haïti », 2007, p56, <http://www.mcfdf.gouv.ht/pdf/violence.pdf>.
- 23** Kay Fanm, Violence envers les femmes et les jeunes filles, Rapport Bilan 2006.
- 24** Michel Cayemittes et al, Enquête Mortalité, Morbidité et Utilisation des Services, Haïti, 2005-2006, Calverton, Maryland, USA: Ministère de la Santé Publique et de la Population, Institut Haïtien de l'Enfance et Macro International Inc., 2007, p305, <http://www.measuredhs.com/pubs/pdf/FR192/FR192.pdf>.
- 25** In-depth study on all forms of violence against women (Etid detaye sou tout fòm vyolans kont fanm), Report of the Secretary-General (Rapò Sekretè Jeneral Nasyonzini), 2006, p34, <http://daccessdds.un.org/doc/UNDOC/GEN/N06/419/74/PDF/N0641974.pdf?OpenElement>.
- 26** Haiti Combined Reports on the Application of the Convention for the Elimination of All Forms of Discrimination Against Women (CEDAW) (Ayiti: Rapò Konbine sou Aplikasyon Konvansyon pou Eliminasyon Tout Fòm Vyolans Kont Fanm, CEDAW), 2008, p22.
- 27** Medsen San Fwontyè. MSF Briefing Paper, A perilous journey: The obstacles to safe delivery for vulnerable women in Port-au-Prince, May 2008, p11.
- 28** World Health Organization (WHO) (Oganizasyon Mondyal Lasante), WHO multi-country study on women's health and domestic violence against women: summary report of initial results on prevalence, health outcomes and women's responses (Etid WHO nan plizyè peyi sou sante fanm ak vyolans domestik kont fanm: Rezime rezilta inisyèl

sou ensidans, konsekans pou lasante ak reyaksyon fanm) 2005, p.vi.

**29** Committee on the Rights of the Child (Komite sou Dwa Timoun), Initial reports of State parties due in 1997 (Rapò inisyal pa leta ki patisipe nan komite sa a), Haiti, 21 June 2002, para52, UNDoc. CRC/C/51/Add. 7.

**30** Medsen San Fwontyè. MSF Briefing Paper, A perilous journey: The obstacles to safe delivery for vulnerable women in Port-au-Prince, May 2008.

**31** Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm, Les termes de la problématique de genre en Haïti. Éléments de la condition et des situations des femmes en Haïti, 2006, p8. [http://www.mcfdf.gouv.ht/pdf/condition\\_feminine.pdf](http://www.mcfdf.gouv.ht/pdf/condition_feminine.pdf), visited 11 July 2008.

**32** Cheke pa egzanp Atik 2 nan Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sivil epi Politik (International Covenant on Civil and Political Rights).

**33** Cheke pa egzanp, Kòmantè Jeneral 31, Komite Dwazimen, yon komite kap kontwòle kouman gouvènman yo ap aplike Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sivil al Politik. Cheke tou Kòmantè Jeneral Nimewo 19, Komite pou Eliminasyon Diskriminasyon kont Fanm.

**34** Tèt Ansann sa reyini reprezantan gouvènman an (Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm, Ministè Lajistis ak Sekirite Piblik, epi Ministè Sante Piblik ak Popilasyon; ONG (Kowòdinasyon Nasyonal kap fè Pwomosyon Dwa Fanm, CONAP; Inite kap fè Rechèch epi pran Aksyon Medico Legal, URAMEL; Gwoup ayisyen kap fè Rechèch sou Kaposi Sarcoma ak enfeksyon ki enplike nan SIDA (Groupe Haïtien d'Etudes du Sarcome de Kaposi et des Infections Opportunistes, GHESKIO); Gwoup kap travay pou elimine SIDA (Promoteurs Objectif ZéroSida, POZ); Ayiti Solidarite Entènasyonal; epi Doktè di Monn (Médecins du Monde, France); epi ajans entènasyonal pou devlopman (Fon Nasyonzini pou Popilasyon (UNFPA), Fon Nasyonzini pou Timoun (UNICEF), Fon Nasyonzini pou Fanm (UNIFEM), Oganizasyon Pannameriken pou Lasante (PAHO), Oganizasyon Mondyal pou Lasante (WHO), MINUSTAH, ak CGF/Fods Kore Fanm.

**35** Concertation Nationale contre les violences faites aux femmes (Konsètasyon Nasyonal kont vyolans fanm ab sibi),

Plan National de Lutte Contre les Violences faites aux Femmes en Haïti (Plan Nasyonal pou Konbat Vyolans kont Fanm Sibi ann Ayiti); Prévention, Prise en Charge et Accompagnement des Victimes de Violence Spécifiques Faites aux Femmes (Prevansyon, Prizanchaj ak Akonpayman Viktim Vyolans Espesifik Fanm ap Sibi), 2006-2011 p15.

**36** Dekrè ki modifiye lwa sou agresyon sekyèl e ki elimine diskriminasyon kont fanm nan Kòd Penal la. Nan absans yon palman pandan gouvènman pwovizwa (2004-2006), Konsey Minis yo te adopte dekrè sa a le 6 jiyè 2005; sa te vin lalwa peyi a le 11 aout 2005 lè Le Moniteur (Nimewo 60, Lane 160 tyèm) pibliye l.

**37** Inter-American Commission of Women (Komisyon Entèameriken pou Fanm). Cheke: <http://www.oas.org/CIM/english/LawsViolence.htm>, visited 11 July 2008.

**38** COHADDE, Rapport Alternatif au Comité des Droits de l'Enfant, 1 février 2002.

**39** Cheke pa egzanp: Amnesty International, Haiti: Open letter to the President of the Republic of Haiti, René Garcia Préval regarding Amnesty International's recommendations for the protection and promotion of human rights (Yon lèt piblik Amnisti Entènasyonal te voye bay Prezidan Preval parapò a rekòmandasyon l sou pwoteksyon ak pwomosyon dwazimen) (Index: AMR 36/011/2006); Inter-American Commission on Human Rights, Haiti: Failed Justice or the Rule of Law? Challenges Ahead for Haiti and the International Community (Ayiti: Fayit Lajistis oubyen Aplikasyon Lalwa Kòmsadwa? Defi pou Ayiti ak Kominote Entènasyonal) 2005 (OEA Ser.LV/II.123); International Crisis Group (Gwoup sou Kriz Entènasyonal), Haiti: Justice Reform and the Security Crisis (Ayiti: Refòm Lajistis ak Kriz Sekirite). Policy Briefing Latin America/Caribbean Briefing N°14, Port-au-Prince/Brussels, 31 January 2007; UN Independent expert on Haiti, Situation of human rights in Haiti, (Rapò Ekspè endepandan Nasyonzini pou Ayiti sou Sityasyon Dwamoun ann Ayiti) Report prepared by the independent expert, Louis Joinet, 24 January 2006, UN Doc. E/CN.4/2006/115.

# KESESWA POU YON GWO KONFLI OUBYEN POU YON KONFLI NAN YON RAKWEN SOU LATÈ KE MOUN BLIYE **AMNISTI ENTÈNASYONAL** AP FÈ KANPAY POU JISTIS AK LIBÈTE POU TOUT MOUN EPI CHÈCHE GALVANIZE SIPÒ PIBLIK POU YON LEMONN MIYÒ

## KISA W KAPAB FÈ?

Aktivis nan lemond antye bay prèw ke li posib pou reziste kont fòs danjere kap detwi dwazimen. Ou fèt pou fè tètansanm ak mouvman sa a. Ou fèt pou konbat moun kap simen laperèz ak rayisman.

- Vin manm Amnisti Entènasyonale epi patisipe nan yon mouvman mondyal kap fè kanpay pou fini ak vyolasyon dwamoun. Ede nou fè yon diferans.
- Bay Amnisti Entènasyonale yon donasyon pou apiye travay lap fè.

## Bay Amnisti Entènasyonale yon donasyon pou apiye travay lap fè.

Mwen enterese resevwa plis enfòmasyon asavwa kouman mwen kapab vin manm Amnisti Entènasyonale:

Non

Adrès

Peyi

Imel

Mwen vle bay Amnisti Entènasyonale yon donasyon (donasyon an Liv Estèling, \$US oubyen Youwo akseptab)

Kantite

Souple debite kat de kredi m:      Visa       Mastercard

Nimewo

Dat ekspirasyon

Siyati

Souple voye fòm sa a bay biwo Amnisti Entènasyonale nan peyi w.  
Pou adrès biwo Amnisti Entènasyonale nan lemond antye, souple cheke:  
[www.amnesty.org/en/worldwide-sites](http://www.amnesty.org/en/worldwide-sites)

Oka pa ta genyen biwo Amnisti Entènasyonale nan peyi w, souple voye fòm sa a bay:  
Amnesty International, International Secretariat, Peter Benenson House,  
1 Easton Street, London WC1X 0DW, United Kingdom

# MWEN VLE EDE

[www.amnesty.org](http://www.amnesty.org)



## **PIGA ABANDONE TIFI YO**

### **VYOLANS SEKSYÈL KONT TIFI ANN AYITI**

Ann Ayiti vyolans seksyèl kont fanm ak tifi reprezante yon pwoblèm ki dominan epi inivèsèl. Etid ki fèt resaman sijere ke plis pase mwatye vyòl yo rapòte enplike tifi ki genyen mwens pase 18 lane. Vyòl pa gwoup gason ame toujou rete dominan e ogmantasyon notab nan nonm vyòl pandan epòk kanaval bay anpil tètchaje tou. Resaman otorite yo pran mezi pou kwape vyolans kont fanm ak tifi. Sepandan, malgre inisyativ sa a yo, gouvènman ayisyen an toujou genyen anpil travay pou l fè pou li ranpli obligasyon l pou pwoteje fanm ak tifi.

Sitiyasyon sekirite piblik ann Ayiti kontinye ap bay gwo tètchaje onivo entènasyonal e Amnisti Entènasyonal rekonèt ke otorite ayisyen yo ap konfwonte depi lontan yon seri difikilte malouk. Ranfòsman devlopman, bonjan gouvènans, epi aplikasyon lalwa kòmsadwa reprezante priyorite ki enpòtan ann Ayiti. Sepandan, pa kapab genyen sekirite si yon gwo pousantaj moun nan popilasyon an pa kapab patisipe toutbonvre nan kominote y poutèt yo resevwa menas vyolans oubyen y ap sibi vyolans.

Rapò sa a sible vyolans seksyèl andedan fanmi epi kominote – de espas kote pifò vyolans kont fanm ak tifi fèt. Rapò sa a kouvri espesyalman eksperyans tifi ki pale ak Amnisti Entènasyonal pou eksplike konsekans vyòl yo sibi sou sante y, estati y nan sosyete a epi avni y.

Amnesty International  
International Secretariat  
Peter Benenson House  
1 Easton Street  
London WC1X 0DW  
United Kingdom

[www.amnesty.org](http://www.amnesty.org)

Endeks: AMR 36/004/2008  
Novanm 2008

**KWAPE VYOLANS  
KONT FANM**

**AMNESTY  
INTERNATIONAL**

